

Reparasyon ann Ijans

Apre yon pèt ki kouvri, kontra asirans ou mande pou w' pran mezi ijans rezonab pou pwoteje pwopriyete ou la kont plis domaj. Mezi ijans yo gen nan yo sèlman sa ki rezonab epi ki nesesè pou sekirize kay ou a epi anpeche plis domaj. Egzanp yo gen ladan sekirize yon pòt devan, kouvri twati ou oswa retire dlo ki pa kouri.

Lè yon tiyo pete oswa lòt pèt dlo ki pa akòz move tan menase kay ou, chak moman konte. Citizens bay sèvis pou Eliminasyon Dlo Ijans gratis pou kliyan ki gen kontra ki kalifye pou pwoteje kay ou kont plis domaj. Ou pa oblige peye yon dediktib pou sèvis ki gen anpil valè sa a. Si ou chwazi pa sèvi ak pwogram sa a pou yon pèt ki kouvri, sèvis ijans diminisyon risk dlo yo limite a yon maksimòm \$3,000.

Pou reparasyon pèmanan, Citizens ka konekte ou avèk pwogram Rezo Kontraktè Reparasyon Jere Citizens (Managed Repair Contractor Network) nou an. Itilizasyon Pwogram Reparasyon Jere a ka ede w' ekonomize tan, redui traka siplemantè epi ba w' lapè nan tèt. Si ou chwazi pou ou pa sèvi ak pwogram sa a pou domaj ki kouvri ki soti nan dechaj dlo oswa vapè pa aksidan, kontra ou a genyen yon limit kouvèti \$10,000. Limit sa a redui tou ak montan Citizens peye pou sèvis ijans diminisyon risk dlo ou jwenn deyò Sèvis gratis pou Eliminasyon Dlo Dijans Citizens yo.

Verifye kontra asirans ou la oswa kontakte ajan w' lan pou konfime egzijans byen presi pou rapò pèt ou ak pou reparasyon. Si ou pa respekte egzijans sa yo, sa ka lakòz pèt kouvèti asirans lan.

Lis Verifikasiyon pou Rapòte Reklamasyon

Scan QR code to report online



Nimewo Kontra Asirans:

- Enfòmasyon kontak
- Deskripsyon dega
- Enfòmasyon konpayi ipotèk
- Fè foto dega yo
- Fè reparasyon ann ijans oswa tanporè
- Prepare yon envantè atik andomaje yo
- Prepare yon lis kesyon pou ajistè w la
- Kenbe fakti nenpòt reparasyon
- Kenbe yon kopi rapò dife oswa rapò Lapolis



Ou bezwen fè yon reklamasyon?

Rele Citizens First

Fè reklamasyon ou sou Entènèt nan myPolicy sou www.citizensfla.com/mypolicy
24 èdtan pa jou, sèt jou nan semèn nan
866.411.2742

Scan QR code to report online



Objektif bwochi sa se pou bay enfòmasyon.
Si sa ta rive ou jwenn kèk diferans ant bwochi sa ak kontra asirans ou an, se sa ki ekri nan kontra asirans lan ki gen plis valè.

The English version is available at www.citizensfla.com/brochures.

La version en Español esta disponible en www.citizensfla.com/brochures.




Citizens Property Insurance Corporation

866.411.2742

www.citizensfla.com

04/24

Rapòte yon Reklamasyon nan Kat Etap Fasil



1 Rapò

2 Enspekte

3 Egzamen

4 Resevwa Pèman

Rapòte reklamasyon w' lan bay Citizens **sou Entènèt** atravè myPolicy nan www.citizensfla.com/mypolicy nan telefòn **866.411.2742** (disponib 24 è sou vennkat, 7 jou sou sèt) dèke ou vin konnen oswa sispek domaj nan pwopriyete ou ki asire.

Rapòte reklamasyon w' lan anvan ou kòmanse nenpòt reparasyon anrapò ak reklamasyon an. Ou ka rapòte yon reklamasyon bay Citizens gratis, menm anvan ou konnen tout dimansyon domaj yo. Pran mezi ijans rezonab pou pwoteje pwopriyete w' la kont plis domaj, men fè reparasyon pèmanan sèlman lè ajistè w' la te gen okazyon pou evalye domaj yo.

Sa ou pral bezwen:

- Nimewo kontra a (disponib sou kat ID moun asire a ak sou premye paj kontra asirans ou a)
- Enfòmasyon kontak, ansanm ak nenpòt adres ak/oswa nimewo telefòn tanporè
- Deskripsyon dega yo

W'ap resevwa yon nimewo reklamasyon ak enfòmasyon pou kontakte ajistè reklamasyon Citizens ou a. Ajistè Citizens ou an pral rele pou planifye enspeksyon ou a. Pwosesis sèvis reklamasyon nou an fèt pou akselere evalyasyon ak rezolisyon reklamasyon w' lan, kèlkeswa degré domaj la.

Si w' te sibi domaj akòz dechaj dlo oswa vapè pa aksidan, Citizens ofri w' kapasite pou ou konekte avèk yon rezò kontraktè lokal kontwole, lisansye ak asire ki kapab fè reparasyon pèmanan nan kay ou a pou domaj ki kouvri yo. Kontraktè a garanti nenpòt travay apwouve pou yon dire senk ane. Nan kòmansman pwosesis reklamasyon an, mande plis enfòmasyon sou pwogram Rezo Kontraktè Reparasyon Jere Citizens lan (Managed Repair Contractor Network) epi dekouvrir si ou kalife yon resevwa sèvis ekstraksyon ak sechaj dlo gratis pou ijans.

Sekirite w' se premye priyoriye Citizens. Asire w' ke ou an sekirite epi pwopriyete w' la an sekirite anvan enspeksyon w' lan. Si pwopriyete w' la danjere, pa eseye rantre ladan. Pèmèt ajistè Citizens ki fòme yo enspekte epi detèmine domaj nan kay ou.

- Si sa gen sekirite, pwoteje pwopriyete ou kont plis domaj epi pwoteje kay ou:
- Pran foto zòn ki andomaje yo anvan ou fè reparasyon tanporè oswa anvan ou retire atik yo.
- Fè sèlman reparasyon ijans ki rezonab epi ki nesesè pou pwoteje pwopriyete ou kont plis domaj oswa kont antre endezirab nan pwopriyete a. Egzanp yo gen ladan sekirize yon pòt devan, kouvri twati ou oswa retire dlo ki pa kouri. Anfèt, pou kèk pèt, Citizens ofri sèvis ijans gratis pou eliminasyon ak sechaj dlo. Ou dwe enfòme Citizens anvan reparasyon pèmanan siplemantè yo fèt.
- Fè envantè atik ki andomaje yo epi konsève yo san danje ak an sekirite pou ajistè Citizens ou a kapab enspekte yo.
- Kenbe fakti pou depans sibsistans siplemantè ak pou tout reparasyon yo.
- Voye dokiman reklamasyon ou yo sou www.citizensfla.com atravè Submit Claim Documents (soumet dokiman reklamasyon yo) ki twouve l' nan paj Contact Us (kontakte nou) lan.
- Pran yon kopi rapò dife oswa rapò lapolis, si sa apwopriye.
- Kreye yon lis kesyon pou ajistè Citizens ou a.

Citizens dwe gen okazyon pou yo enspekte domaj yo pou detèmine reparasyon rezonab yo. Pandan enspeksyon an, ajistè Citizens ou a pral:

- Bay enfòmasyon kontak li epi konfime enfòmasyon kontak ou
- Egzamine pèt ou a epi evalye nenpòt domaj
- Kolekte nenpòt foto, fakti ak estimasyon reparasyon yo

Gen dwa pa gen okenn kouvèti pou reparasyon pèmanan ki kòmanse anvan youn nan sa ki annapre la yo rive:

- 72 èdtan apre pèt la rapòte bay Citizens
- Citizens enspekte pèt la
- Citizens bay apwobasyon aloral oswa alekri

Apre enspeksyon an, ajistè w' la pral kontakte ou pou chita pale sou reklamasyon w' lan epi egzamine estimasyon reparasyon an. Enfòmasyon sa yo pral fè pati rapò ki prepare pou yon evalyatè reklamasyon Citizens egzamine ansanm ak dosye reklamasyon w' la pou detèmine kouvèti ki disponib nan kontra w' la.

Si pèt la kouvri epi pri domaj la plis pase dediktib ou a, evalyatè a pral soumet reklamasyon w' lan pou pèman. Si domaj la pa kouvri nan kontra asirans ou a oswa li mwens pase dediktib ou, Citizens ap bay yon eksplikasyon alekri.

Selon gravite reklamasyon ou lan oswa si w' te rapòte yon reklamasyon apre yon evènman majè, tankou yon siklòn, sa ka pran plis tan pou travay sou reklamasyon w' lan. Si w' gen nenpòt kesyon apre enspeksyon an, kontakte ajistè w' la, ajan w' lan oswa Sèvis Kliyan Citizens.

Dediktib se yon depans ou responsab pou li ki sot nan pòch ou epi li dwe depase anvan pou Citizens emèt peman reklamasyon yo. Selon kontra asirans ou a, dediktib ou a ka yon:

- Montan Dola – Yon montan fiks (\$500, \$1,000, elatriye) ki p'ap chanje sof si ou achte yon dediktib ki pi wo oswa pi ba.
- Pousantaj – Ki baze sou yon pousantaj valè asire kay ou a. Pa egzanp, yon dediktib 2% sou yon kay ki asire pou \$300,000 t'ap \$6,000. Dediktib nan pousantaj yo ap chanje si valè asirans kay ou a (Kouvèti A) chanje.

Baze sou enfòmasyon ajistè w' la bay ak revizyon evalyatè reklamasyon an fè, si domaj ki rapòte yo kouvri nan kontra w' la, Citizens peye ou yon premye pèman reklamasyon an. Pèman inisyal la baze sou pri estimasyon reparasyon ki kouvri ke yo konnen nan moman enspeksyon an.

- Si pri aktyèl reparasyon/ranplasman an vin plis pase estimasyon inisyal ki soumet la oswa si yo jwenn domaj siplemantè, rele Citizens nan 866.411.2742 pou diskite sou kalifikasyon pou pèman siplemantè. Ou ka voye dokiman siplemantè reklamasyon w' yo sou www.citizensfla.com atravè Submit Claim Documents (soumet dokiman reklamasyon yo) ki twouve li nan paj Contact Us (kontakte nou) lan.
- Enfòme ajan w' lan si non ou, adrès postal oswa konpayi ipotèk ou a chanje. Enfòmasyon ki ekspire ka retade pèman ou la.

Bank yo mande pou tout benefisyè (sa gen ladan nenpòt konpayi ipotèk) ki mansyone nan yon chèk siyen chèk la. Mande konpayi ipotèk ou a enfòmasyon sou pwozedi li yo pou andose chèk reklamasyon ou la.



Ou bezwen fè yon reklamasyon?
Rele Citizens First

Fè reklamasyon ou sou Entènèt nan myPolicy sou www.citizensfla.com/mypolicy
24 èdtan pa jou, sèt jou nan semèn nan **866.411.2742**